

**Sijè : Kisa novo lokal lopital lapwovidans lan reprezante pou Gonayiv nan kesyon infrastrikti jodi a?**

## PLAN TRAVAY LA

### Ø Introdiksyon

- Ü Sens mo infrastrikti a


### Ø Devlopman

- Ü Kisa ki fè yo rele yon batiman lopital daprè jenisivil?
- Ü Diferan kalite lopital ki ka genyen.
- Ü Prezantasyon novo lokal lopital Lapwovidans lan ak rezon ki fè lopital lapwovidans nan Gonayiv se yon gran lopital.
- Ü Kisa lopital la reprezante pou Gonayiv nan kesyon infrastrikti?

### Ø Konklizyon

- Ü Ki kote pwoj èa soti?

**Sijè : Kisa novo lokal lopital lapwovidans lan reprezante pou Gonayiv nan kesyon infrastrikti jodi a?**



## Ü Sens mo infrastrikti a

Nan tout peyi nan mond lan kap devlope, oubyen ki deja byen lwen nan zafè developman, infrastrikti jwe yon wòl enpotan e menm primòdjal donk li vin evidan ke yon peyi paka devlope san infrastrikti. Men dabò an nou mande tèt nou kisa ki infrastrikti a?

Infrastrikti se yon mo yap itilize souvan men poutan anpil moun pa konn sa li vle di reyèlman e nan ki sens pou yo anplwaye li. Jodi a nou pral konprann san kase tèt kisa, mo sa, ki gen anpil intèpretasyon vle di.

Infrastrikti se yon mo yo itilize nan plizyè domèn, nan yon sens jeneral depi yap pale de infrastrikti ou dwe wè baz la, eleman ki indisponsab nan ansanm nan se li ki pral pèmèt tout ansanm nan byen fonksyone. San infrastrikti a bagay yo pap ka mache byen se tankou yon moun pou ou byen viv fòk kò ou an sante. Nan domen pam ki se jenivil, infrastrikti a se pati enferyè tout kontwiksyon ki pwal transmèt pwa konstwiksyon an bay sòl natirèl la nou ka di tou se pati ki pote konstwiksyon an. Men nan yon sens pi gran li vle di tou, sitou nan domèn amenajman teritwa, se tout sistèm oubyen mizanplas, tout sa yon peyi bezwen pou rann lavi posib sou tèritwa sa, pou pemèt moun plizoumwen alèz, jwenn bon jan sèvis wap bezwen pou santiw konfòtab, tankou sistèm wout pou machin sikile ak transpò pou moun ka byen vwajaye, sistèm edikasyon fòk gen lekòl pou tout moun ale, stad pou kesyon espò, plas piblik pou gen lwazi, batiman ki pou loje institisyon piblik tankou prive lopital pou moun ki malad, etc.. se sitou nan kontèks sa ke nou chwazi batiman tou nèf ki loje lopital lapwovidans gonayiv la pou nou explikew kisa li reprezante pou zòn nan nan kesyon infrastrikti.

## Ü Kisa ki fè yo rele yon batiman lopital daprè jenivil?

Daprè jenivil, rezon ki pi enpotan ki fè yon batiman pote non lopital se sitou rezon sa yo:

- **Sèvis lap gen pou ofri a**

Yon lopital se yon espas ki revèze pou bay swen ak tout moun ki malad fizikman oubyen mantalman. Donk nenpòt ki kay paka konsidere kòm lopital paske lap gen rapò dirèk ak kalite sèvis ke yo vle bay nan lopital la, e sitou kantite moun ke yo prevwa resevwa nan espas la kap depann de popilasyon zòn kote yap konstwi lopital lan.

- **Sekirite (fòm plan ki rekomande pou konsevwa lopital)**

Yon lopital ki se yon lokal ki pral loje moun ki malad ki bezwen swen donk espas sa a paka riske poul efondre sou limenm, ni poul exploze, ni poul pran dife fòk tout sistèm ki konstitye lopital la byen asire e fòk gen mwayen pou evakyasyon rapid fêt nan lopital la. Yon lopital dwe kapab

reziste ak tout fòs entèn e extèn kap aji sou li se yon faktè enpòtan nan konstwiksyon tout batiman sitou yon lopital li depann de plan estriktirèl batiman an ki pou pemèt sa yo rele desant chaj la fèt byen. Desant chaj la se yon metòd ki pemet nou byen kalkile e dimansyone estrikti batiman an prinsip li se kòmanse dimansyone depi nan tèt kay la pou rive nan semèl kay la kap chita nan fondasyon an pandan nap teni kont tou de lot chaj extèn yo tankou lapli, son, van, nèj siw nan peyi ki fe frèt anpil, sekirite a depann tou de kategori sòl natirèl batiman an pral chita sou li a tou donk ou dwe pranl an konsiderasyon pou ou dimansyone batiman an tou. Pou tout rezon sa yo gen 6 fòm ki plus rekomande pou konsepsyón ak reyalizasyon plan yon lopital ki se:

- 1) **F1: Kare**
- 2) **F2: Rektang oubyen Rectang long ( L = 4l )**
- 3) **F3: fòm L**
- 4) **F4: fòm H oubyen fom I**
- 5) **F5: fòm T**
- 6) **F6: fòm U**

#### • Komodite

Nan langaj jenivil, yon batiman ki komòd se yon batiman ke lavi posib andanl san bri san kont, moun kapab deplase san pwoblèm nan espas ki fèt pou sikilasyon epi tout pyès yo byen dispoze de fason pouw kabap oryantew san difikilte.

Komodite nan yon lopital depann premyeman de ki kalite lopital epi pou ki popilasyon lopital sa ap konsti pou ou konn nan ki mannyè pouw konsevwa plan lopital sa a. Plan distribisyon yon lopital depann de kalite ak kantite sèvis ke yo prevwa bay nan lopital sa a. Pa rapò ak sèvis yap bay yo ap gen sal kap aksesib ak tout moun pa exanp: resepsyon, famasi, atant, etc.. gen sal tou ki rezève tankou blòk operatwa, sal ijans, etc... Lè wap rantre nan yon lopital ou dwe jwenn sal ki aksesib yo avan. Komodite a depann tou de dimansyon sal yo ki varye selon kantite moun yap resevwa ak kantite materyèl ke yap itilize nan sal yo tou epitou espas ki rezève pou mache san pwoblèm nan menm espas sa a.

#### • Bèlte

Menm jan ak yon atis pent yon enjenyè sivil kap konsevwa yon kay oubyen kenpòt lòt batiman genyen poul desiné ak pasyon sa li pral reyalize a pandan lap respekte tout prinsip syans jenivil la exijel pou li respekte, se sa ki fè yo rele konstwiksyon yo ouvraj da paske yon enjenyè se yon atis tou sa wap pwodwi dwe fè zye moun plezi li dwe bél e prinsip sa pa ekate pou konsepsyón yon lopital nonplis

Ü **Diferan kalite lopital ki ka genyen.**

Selon trètman ki bay nan lopital la oubyen kalite sèvis yo ofri ou ka jwenn diferan kalite lopital :

✓ **Lopital jeneral**

Yon lopital jeneral se yon lopital ki bay plizyè kalite sèvis e ki gen kapasite pou li resevwa anpil moun.

✓ **Lopital inivesitè**

Yon lopital inivèsitè pa gen diferans ak yon lopital jeneral yo la pou bay menm sevis yo men sèlman li la tou pou li kontribye nan fòmasyon etidyan lamedsín ak moun k'ap pratike syans enfmyè tou.

✓ **Lopital psikyatrik**

Yon lopital psikyatrik la limenm pou trete moun ki pa byen nan tèt yo oubyen moun ki distrè.

✓ **Lopital espesyalize**

Yon lopital espesyalize la pou li ofri yon sèvis ki byen defini .

Ü **Prezantasyon novo lokal lopital Lapwovidans lan ak rezon ki fè lopital lapwovidans nan Gonaives se yon gran lopital.**


Novo lokal ki loje lopital lapwovidans lan ki twouvé li nan mòn blan nan vil Gonaives se yon estrikti modèn ki fèt en beton ame men li genyen gran koulwa pou sikilasyon ki kouvri ak estriktimetalik tou. Selon "Haïti libre "yon ajans enfomasyon en ligne, lopital la gen yon sipefisi de 10 380m<sup>2</sup>, li kapab pran 200 kabann e li sou sipevizon direksyon depatmantal latibonit lan.

✓ **Fom**

Gwo batiman prinsipal la gen fòm yon gwo rektang ki gen plizyè ti rektang ki soti ladann chak ti rektang sa yo se yon batiman ki loje yon sèvis. Si ou ta ap gade pa anlè wap gen enpresyon plan an sanble plizyè T ki kole yonn ak lòt.

✓ **Ki kalite lopital ak ki sèvis li bay**

Pa rapò ak sèvis yo bay nan lopital lapwovidans lan nou kapab di ke li se yon lopital jeneral, toujou daprè "Haïti libre", lopital lapwovidans nan Gonaives ofri sèvis medikoteknik sa yo:



- Yon ijans ki kenbe **20** kabann
- **4** sal pou chiriji
- Yon sal pou sterilizasyon
- Yon espas jineko-obstetrik ki pran **40** kabann
- Yon mat ènité ki gen **10** tab akouchman
- Yon sal neyonatoloji ki gen **16** enkibat è
- Yon pedyatri ki gen **20** b èso ak **20** kabann
- Yon sal odontoloji
- Yon sal imajri medical
- Yon laboratwa yon sal anapatoloji
- Yon famasi
- Yon espas sterilizasyon

Li ofri yon **s èvis** soutyen tou ladann wap jwenn:

- **25** estidyo kap **s èvi** rezidans pou moun kap bay **s èvis** yo
- Yon vilaj pou fanm gw ès ki genyen **8** chanm
- Yon vilaj **250m<sup>2</sup>** pou lafanmi

**S èvis** administratif la limenm wap jwenn ladann :

- Direksyon medikal la
- Administrasyon an
- **S èvis** statistik ak achiv

- Sèvis resouzim **en**
- Finans lan
- Lojistik la
- Sekretarya **a**

Pa rapò ak tout **sèvis** ke lopital lapwovidans ki nan **mòn** blan nan Gonayiv mete **a** dispozisyon popilasyon latibonit lan, gran kapasite lokal la genyen pou li resevwa moun ak estrikti lopital lan ki trè sekirite paske se yon konstwiksyon mod **en** ki parasismik, nou ka afime ke lopital lapwovidans se yon gran lopital ki jwe yon gwo **wòd** nan devlopman vil Gonayiv.

## Ü Kisa lopital la reprezante pou Gonaives nan kesyon infrastrikti?


Nan zafè amenajman teritwa vil Gonayiv pa yon vil ki avanse nan kesyon infrastrikti, ki di infrastrikti ki konsène wout, transpò oubyen batiman piblik kou prive, pi gwo pwoblèm vil la se ke moun konstwi kote yo vle oubyen kote yo jwenn, leta pa vreman gen yon politik amenajman teritwa ki defini zòn ki rezève ak zòn ki la pou konstwiksyon, sa koz gen anpil dezòd nan sa ki gen rapò ak jan teritwa a ap amenaje, dèfwa se kay kote moun rete ki sèvi biwo leta oubyen prive, legliz ak diskò pafwa kòtakòt.

Depi aprè pasaj siklòn ján an septanm 2004, lopital lapwovidans te sanse pa janm fonksyone nan fason nòmal, lopital la te vin transfere nan yon ansyen lokal ONG ki twouvel nan gatwo, li tap fonksyone sou non lopital sekou donk selon tout vrèsanblans, vil Gonayiv tap fonksyone san lopital lapwovidans lan.

Avèk novo lokal lopital lapwovidans lan ki inogire nan mòn blan le 4 novanm 2014, 10 lane aprè li te sanse detwi pa siklòn, nou ka di Gonayiv gen yon lopital avèk nen nan figil, non sèlman se yonn nan pi gran infrastrikti sante ki genyen nan tout peyi a avèk yon gran kapasite pou resevwa moun, epi bon materyèl sofistike pou bay sèvis ak popilasyon an, lopital la gen anplis yon sistèm infòmasyon avanse ak yon estrikti parasiklonik e parasismik. Li gen yon sistèm enèji renouvlab ki la pou founil kouran 24 sou 24 e yon sistèm dlo potab pou alimante tout bezwen an dlo lokal la.

## Ü Ki kote pwojè a soti?

Lopital lapwovidans se yon don gouvènman kanadyen an fè gouvènman ayisyen nan bon kolaborasyon ke de gouvenman sa yo genyen. Selon « Haiti Libre » reyalizasyon kokenn chenn



infrastrikti a koute plis pase 29 milyon dola kanadyen. Men an 2013, gouvènman meksiken an te kontribye a rezon de 2.5 milyon dola US pou achte e enstale sistèm enèji renouvlab la. San blye apò ajans franzez pou devlopman ki te kontribye tou a rezon de 2.2 milyon dola US pou mete sistèm ki alimante lokal la ak dlo potab.

Depi 2010 te gen yon etid ki mennen pa UNOPS\* e MSPP\* nan kolaborasyon ak OMS\* ki pèmèt yo byen defini fonksyon lopital la e ki pral debouche sou reyalizasyon kokenn chenn infrastrikti sante sa a pou pèmèt popilasyon Gonayiv la ak zon tou prèl yo benefisyè sèvis ke lopital sa komanse bay depi jou 4 novanm 2014

UNOPS\_\_ United Nation Office for Project Services

MSPP\_\_ Ministère de la Santé Publique et de la Population

OMS\_\_ Organisation Mondiale de la Santé